Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого,лъилъе,нилъ гьечIого,хур.
Инхоса ГIали-хIажи

www.mo-gumbet.ru
Газета бахъизе байбихьана 1952 с.



# Гумбет
Гумбет районалъул газета

№ 16 (6902) 2 май 2024 с. Итни Шавал 1445 с. Багьа - эркенаб

ЛЪАЙ – ХАЗИНА

## Гъалип Гъалиповасе – Дагъистаналъул лъайкьеялъул министерствоялъул Баркалаялъул кагъат

### ХIассан ГIалихIажиевги мустахIикълъана шапакъаталъе

**Бакълъул районалъул бетIер Гъалип Гъалипов мустахIикълъана Дагъистаналъул лъайкьеялъул ва гIелмабазул Министерствоялъул Баркалаялъул кагътие. Шапакъат гьесие кьуна ДРялъул Минобрнаукаялъул нухмалъулев ЯхIя Бучаевас «Дагъистан Республикаялъул лъагIалил мугIалим-2024» конкурс къаялъул тадбиралда.**

Гъалиповасе баркала загьир гьабуна «Республикаялъулаб "ДРялъул лъагIалил мугIалим-2024" къецалъул тIоцебесеб бутIа къиматаб даражаялда тIобитIизе бахъараб хIаракаталъухъ». Гьединго Баркалаялъул кагъат щвана бакълъулазул лъайкьеялъул управлениялъул нухмалъулев ХIассан ГIалихIажиевасеги цебе рехсараб конкурс тIобитIиялъулъ лъураб къиматаб бутIаялъухъ.



Гьединго, ЯхIя Бучаевас шапакъат кьуна къецалъул муниципалияб бутIаялда бергьарай ЦIияб Аргъвани росдал мугIалим Мадина МухIамадовалъе. МугIалимазе сайгъатал гьединго кьуна республикаялъул халкъияб лъайкьеялъул хIалтIухъабазул профсоюзалъул нухмалъулев МухIамад ГIамирудиновас.

Бакълъул районалъул рахъалдасан тадбиралда гьединго гIахьаллъи гьабуна муниципалитеталъул лъайкьеялъул управлениялъул махщалилав Зайид ХIусеновас, Игьали росдал гьоркьохъеб школалъул директор СагIид МухIамадовас ва ЦIияб Аргъвани росдал гьоркьохъеб школалъул нухмалъулев Башир Башировас.

**«Гумбет» информациялъул гIуцIи**

ТЕРРОРАЛДА ДАНДЕЧIЕЙ

## Фашистазда тIад бергьенлъи босаралдаса 79 сон иналъул хIурматалда тадбирал тIоритIи

### Байрам къиматаб даражаялда тIобитIизе буго

**Бакълъулазул районалъул администрациялда муниципалитеталъул бетIер Гъалип Гъалиповасул нухмалъиялда тIобитIараб данделъиялда КIудияб ВатIанияб рагъда бергьенлъи босаралдаса 79 сон иналъул хIурматалда тадбирал гIуцIиялъул бицана.**

Гьенир гIахьаллъи гьабуна бакълъулазул нухмалъулесул заместитель МухтарахIмад АхIмадовас, администрациялъул аппаратальул нухмалъулев ИсмагIил Салатгереевас, махщалилаз, идарабазул нухмалъулез ва цогидаз.

Байрамалда хурхун районалда тIоритIизе руго батIияб ракIалдещвеялъул тадбирал. Муниципалитеталъул централда тIобитIизе буго КIудияб ВатIанияб рагъул гIахьалчагIазул хIурматалда бараб памятникалда цебе тIугьдузул горал лъей, рохалилаб митинг, Аслудин МухIамадов ракIалдещвеялъул волейболалъул турнир, концерт, чуял риччай, «Солдатасул карщ», «Бергьенлъиялъул гордал», «Хвел гьечIеб полк», «Георгийил чIоло» акциял ва гь. ц.



Рохалилал тадбиразулъ гьединго гIахьаллъи гьабизе буго СВОялъул рагъухъабаз, гьезул хъизамаз, рагъухъаби-интернационалистаз, росабазул вакилзабаз. Поселениязда КIудияб ВатIанияб рагъул гIахьалчагIазул памятникал къачIаялъул хIалтIаби тIад ран унел руго.

**«Гумбет» информациялъул гIуцIи**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ АНКЬ

## Тадбиразда хIинкъи гьечIолъи цIуни

### АТКялъул заседание тIобитIана

**Бакълъулазул администрациялда араб анкьалъ терроризмалда дандечIеялъул комиссиялъул заседание тIобитIана. Гьенир гIахьаллъана муниципалитеталъул бетIер, АТКялъул нухмалъулев Гъалип Гъалипов, гьесул заместитель МухтарахIмад АхIмадов, районалъул прокурор Юсуп ГIалиев, РФялъул Бакълъул мухъалда бугеб ОМВДялъул нухмалъулесул ишал тIуралев МухIамад ГIадилгереев, МелъелтIа росдал имам ГIабдурашид ХIажиев, АТКялъул бетIерав махщалилав УхIумагIали Загьидов ва цогидал.**

Дандеруссиналда халгьабуна КIудияб ВатIанияб рагъда бергьенлъи босаралдаса 79 сон иналъул хIурматалда тIоритIарал тадбиразда хIинкъи гьечIолъи, гIадлунизам цIуни. Ахиралда данделъиялда гIахьаллъараз рорхарал суалазда тIасан данде кколел хIукмабиги гьаруна.

**Макка МухIамадова**

НОМЕРАЛДА РУГО:



Сулейман Стальский – ХХ гIасруялъул Гомер

- 2 гьум.



Салман Сурхаев – спорталъул, туризмалъул ва гIолилазул сиясаталъул комитеталъул нухмалъулев

- 2 гьум.



Бергьенлъи гIагар гьабурал бакълъулал

- 3 гьум.



МухIамад Жамалудинов мустахIикълъана тхэквондоялъул рахъалъ меседил медалалъе

- 3- гьум.

КЪАЛАМ, ДУЦА ЩУРЕ ЩАКЪИЯЛДЕХУН

# Сулейман Стальский – XX гIасруялъул Гомер

### ДРялъул халкъияв шагIирасул хIурматалда кучIдул рициналъул къец тIобитIана

**2024-абилеб соналъул 24-абилеб апрелалда Бакълъул районалъул дандеруссиназул кIалгIадухъ Сулейман Стальский гьавуралдаса 155 сон иналъул хIурматалда кучIдул пасихIго рициналъул конкурс тIобитIана. Гьенир гIахьаллъи гьабуна къолоцугоялдасаги цIикIкIун цIалдохъанас.**




Тадбир байбихьана Дагъистаналъул маданияталъул мустахIикъав хIалтIухъан Набигула АхIмадибировасул «XX гIасруялъул Гомер» абураб фильм бихьизабиялдасан. Тадбир бачана «Гумбет» басмаялъул жавабияй секретарь, районалъул руччабазул гIуцIиялъул гIахьалчIужу Зугьра ГIабдулкъадировалъ.

Конкурсалда гIахьаллъаразе къимат къуна: бакълъулазул маданияталъул ва бибилиотекабазулаб хъулухъ гьабиялъул управлениялъул нухмалъулев Муса КъурамухIамадовас, маданияталъул специалист ХIайбула ГIабдурахIмановас, районалъул централияб библиотекаялъул методикиябгун библиографическияб отделалъул нухмалъулей Эзимат МухIамадовалъ, ДЮБялъул нухмалъулей ПатIимат ХIусеновалъ, централияб библиотекаялъул хъулухъ гьабиялъул отделалъул нухмалъулей Хамсат Ибрагьимовалъ, ЦIиликь росдал библиотекаялъул нухмалъулей ГIазра Абубакаровалъ.

5-8-абилел классазда гьоркьор тIоцебесеб бакIалъе мустахIикълъана Ингишо росдал гьоркьохъеб школалъул цIалдохъан Фатима ГьазихIмаева. 9-11-абилел классазда гьоркьор тIоцебесеб бакI щвана ЧIиркъатIа росдал гьоркьохъеб школалъул цIалдохъан ПатIимат КъурахIмаевалъе. Тадбиралда гьединго Дагъистаналъул халкъияв шагIир Сулейман Стальскиясул кучIдул цIалана ДЮБялъул нухмалъулей ПатIимат ХIусеновалъ ва Аргъвани росдал библиотекаялъул нухмалъулей Багистан ГIумаровалъ.

Бергьенлъи босаразе, къиматал бакIал ккуразе грамотаби ва сайгъатал къуна. Гьединго конкурсалда гIахьаллъарал киналго цIалдохъабазе. Тадбиралде рачIаразул рагIабазда рекьон, гIемераб батIияб-цIияб лъана машгьурав шагIирасул гIумрудул нухалъул.

Тасдикъ гьабураб графикалда рекьон Бакълъул мухъалда нахъеккунги тIоритIизе руго Сулейман Стальский гьавуралдаса 155 сон иналда хурхун тадбирал. ЖамгIиял бакIазда шагIирасул сураталги руго ран.

**Зугьра ГIабдулкъадирова**

БАРКИ

# Баркула ТIоцебесеб ва 9-абилеб май!

**ХIурматиял районцоял! Баркула нужеда ихдалил ва захIматалъул байрам – тIоцебесеб май! РакIчIола нилъер районалъул халкъалъул захIматги, цолъиги, гьункиги районалъул экономикияб, маданияб, социалияб цебетIей хехлъизабиялде, гIадамазул гIумруялъул даража борхизабиялде буссине букIиналда, нилъер гIемермиллатазулаб улкаялъул киналго халкъазулгун гьудуллъи жеги щулалъизе букIиналда.**




Гьединго ракI-ракIалъ баркула киназдаго Советияб халкъалъ КIудияб ВатIанияб рагъда бергьенлъи босаралдаса 79 сон тIубаялъул байрам. РекIелъ чIухIигун, рохалилаб асаргун дандчIвай гьабула гьеб байрамалда щибаб соналъ. Тушманасда тIад бергьенлъи босизелъун, рухIалда барахщичIого рагъана кьалул влахъазда Бакълъулазул районалдаса нуснус рагъухъан.

1380 рагъухъанасдасан 866 чияс къуна жидерго хIасратаб рухI КIудияб Бергьенлъиялъе гIоло, кор боркьараб рагъул байдабазда хутIана гьел. Нилъеца кIудияб пашманлъигун ракIалде щвезарула рагъда хваралги, араб бакI лъачIого тIагIаралги, рокьоре тIад руссун хадур абадияб рокьоре аралги.

Эркенлъиялъе ва ВатIаналъул чияда бачIолъиялъе гIоло рагъаразе даимаб рецц. Къасикъад чIечIого бергьенлъи щвеялъе гIоло захIматалъул фронталда руччабазги, харабазги, балугълъиялъул гIужде рахинчIел лъималазги квербакъана.

Биччанте тIокIаб киданиги рагъ ккунгутIизе, халкъазул вацлъи, гьудуллъи щулалъизе. Гьарула киназего щулияб сахлъи, талихI-рохел, гьабулеб хIалтIулъ икъбал! Жакъа СВОялъул мухъалда неофашистазда данде кьеркьолел бакълъулазул бахIарзазе гьарула бергьенлъигун тIадруссин, щулияб сахлъигун халатаб гIумру.

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер**
**Гьалип Гьалипов**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ ГIУМРУ

# Салман Сурхаев – спорталъул, туризмалъул ва гIолилазул сиясаталъул комитеталъул нухмалъулев

Бакълъул районалъул спорталъул, туризмалъул ва гIолилазул сиясаталъул Комитеталъул нухмалъулевлъун тана Салман Сурхаев. Муниципалитеталъул бетIер Гьалип Гьалиповас Сурхаевасда баркана цIияб хъулухъ, гьарана хIалтIулъ бергьенлъаби.



Комитеталъул нухмалъулевлъун вукIарав МухIамад МухIамадгIалиев коррупциялда данде чIеялъул рахъалъ районалъул бетIерасул кумекчилъун вахъана.

Сурхаев Салман Лабазанович гьавуна 1990-абилеб соналъул 9-абилеб июналда Бакълъул районалъул ЛъаратIа росулъ. 2012-2014-абилел соназ хIалтIана батIи-батIиял хъулухъазда. 2014-абилеб соналдаса 2022-абилеб соналде щвезегIана РФялъул Федералияб налоговияб хъулухъалъул бетIерав махщалилавлъун вукIана.

2022-абилеб соналдаса 2024-абилеб соналде щвезегIан федералияб Унсоколоялъулаб судалда хIалтIана. 2009-абилеб соналъ гьес лъугIизабуна профессионалияб лицей № 9, 2012-абилеб соналъ – Дагъистаналъул педагогикияб университет, 2018-абилеб соналъ – Пачалихъияб финансазул ва ихтияразул институт, 2022-абилеб соналъ лъугIизабуна «Каспий» Академия.

**«Гумбет» информациялъул гIуцIи**

БАКЪЛЪУЛАЛ ВА СПОРТ

# Аргъваниса Бияхъай МухIамадов – ушу-саньдаялъул рахъалъ Россиялъул чемпион

### Бергьенлъаби цIикIкIаги

**Бакълъул мухъалъул Аргъвани росулъа Бияхъай МухIамадов Россиялъул ушу-саньдаялъул рахъалъ чемпионлъун вахъана. Къецазул хIасилалда 80 кг цIайиялда тIоцебесеб бакI босана гьес.**

Спортсменас махщел борхизабулеб буго «Пять сторон света» абураб Буйнакск районалъул Халимбегаулалда бугеб рагъулаб искусствоялъул школалда Россиялъул мустахIикъав тренер Муса Мусевасул нухмалъиялда.

11-абилеб классалъул цIалдохъан Бияхъай МухIамадов гьединго ккола Дагъистаналъул ушу-саньдаялъул рахъалъ щуцIул чемпион, СКФОялъул ункъцIул чемпионлъун, Россиялъул Кубокалъул кIицIул чемпионлъун, Европаялъул Кубокалъул чемпион. Гьединго, гьев вуго ушу-саньдаялъул рахъалъ спорталъул мастер.



Бакълъул районалъул бетIер Гьалип Гьалиповас Бияхъай МухIамадовасда баркана чемпионлъун вахъин, гьарана гьесие нахъеккунги чIахIиял бергьенлъаби ва цебетIей.

**Макка МухIамадова**

КIУДИЯБ БЕРГЬЕНЛЪИЯЛЪ – 79 СОН

## Бергьенлъи гIагар гьабурал бакълъулал

**КIудияб ВатIанияб рагъ байбихьидал, цогидал росуцоялго гIадин, 1941 соналъ ВатIан цIунизе ана Бакълъулазул районалъул ЛъаратIа росулъа ХIажи Гебековги. Гьеcда цадахъ Грузиялъул Гори шагьаралда ругьунлъабазда рукIана росуцояв СагIидбег ГIалиев, ЧIиркъатIаса ГIабдулкарим ГIусманов ва цогидалги.**







Ругьунлъабаздаса хадув фронталде витIана ва лебалго вагъана тушманасда данде. Бергьенлъи босун хадув тIадвуссана рокъове. Хъутаналде гочана хъизангун. ХIалтIана росдал магIишат цебетIезабиялда. Щидасан магIарухъе вачIана 1965 соналъ. Гьенивги колхозалда хIалтIана. Цо заманалда хIалтIулев вукIана районалъул «Гумбеталъул колхозчи» газета кьабулеб машина кверальъ сверулев чилъун. ХIажи гIумруялдаса ватIалъана 1968.

### МухIамадрасул Агъабеков

Гьавуна 1921 соналъ Бакълъулазул районалъул ЦIилик росулъ. КIудияб ВатIанияб рагъде инелде, Буйнакскиялъул педагогическияб училищеги лъугIизабун, хIалтIулев вукIана ЦIилик байбихьул школалъул нухмалъулевлъун.

Тушманасда данде вагъизе ана 1942 соналъ. Лейтенант МухIамадрасул рагъда чIвана 1943 соналъул 8 августалда. Вукъун вуго Курск областалъул, Львовский районалъул В. Декревенки росулъ.

### Гъоркь Инхоса МухIамад ГIумардибиров

1904 соналъ Гъоркь Инхо росулъ векьарухъанасул хъизамалда гьавуна МухIамад ГIумардибиров. Армиялде ахIана 1942 соналъул 10 январалда. ВачIинахъего цIализе витIана Владивостокалде. МухIамад гIахьаллъана гIурусазулгун япониязул рагъда Сахалин чIинкIиллъиялда. Гьев вукIана гIарадачи.

1944 соналъ гьезул часть Воронежалъул фронталде рехана. ГIахьаллъана Курская дугаялда, Курско – Орловская дугаялда. Гьенив захIматго лъукъана, лъавуда вукIинчIо, вигьиналде немцазул госпиталалда вукIин лъана. 1945 соналъ рокъове тIадвуссана.

**«Гумбет» информациялъул гIуцIи**

БАКЪЛЪУЛАЛ ВА СПОРТ

## Шихалихан Насибов муайтаялъул рахъалъ Россиялъул чемпионлъун вахъана

**Бакълъул районалъул ЦIундиЩабдухъ росулъа Шихалихан Насибов бергьана Россиялъул тIоцебесеб бакIалъе гIоло тIоритIарал муайтаялъул (тайский бокс) рахъалъ кьецазулъ.**

Гьеб бергьенлъи Шихалиханил тIоцебесеб гуро, батIи-батIиял кьецазулъ чанцIулго мустахIикълъана тIоцересел бакIазе. ГьитIинав спортсменасул тренер кола махщел тIокIав Идрис Камилов.

Бакълъул районалъул бетIер Гьалип Гьалиповас Насибовасда баркана бергьенлъи щвей, гьарана гьесие цIалулъ, спорталъулъ чIахIиял бергьенлъаби.

**Зугьра ГIабдулкъадирова**

БАКЪЛЪУЛАЛ ВА СПОРТ

## МухIамад Жамалудинов мустахIикълъана тхэквондоялъул рахъалъ меседил медалалъе

**Рязань шагьаралда 12-14 сон барал васазда ва ясазда гьоркьор тIоритIарал тхэквондоялъул рахъалъ кьецазулъ меседил медаль босана Аргъвани росулъа МухIамад Жамалудиновас.**

Гьев цеве вахъана 65 кг цIайиялда. Жамалудиновасе рес щвана 13-16 июналда Албаниялда тIоритIизе ругел кьецазулъ гIахьаллъизе. Гьесул тренерал ХIусен Даудовасе ва Мурзахан Мурзахановасе кьуна тIоцебесеб даражаялъул диплом. Бакълъул районалъул бетIер Гьалип Гьалиповас баркана МухIамад Жамалудиновасда бергьенлъи щвей ва гьарана сундулъго икъбал ва цебетIей.

**«Гумбет» информациялъул гIуцIи**

DURA LEX, SED LEX (СУРОВ ЗАКОН, НО ЗАКОН)

## Об ответственности за дачу взятки должностному лицу

**В соответствии с нормами действующего законодательства под взяткой понимается получение должностным лицом любых государственных или муниципальных органов (взяткополучатель) вознаграждения в виде денежных средств, ценностей, материальных благ или же оказания услуг за совершение оговоренных действий или же отказ от их совершения (бездействие) в пользу лица, предоставляющего это вознаграждение (взяткодатель).**

Совершаемое за это вознаграждение действие или бездействие обязательно должно входить в служебную компетенцию должностного лица, а также может заключаться в покровительстве или попустительстве по службе либо в оказании помощи при решении иных вопросов, не входящих в компетенцию взяткополучателя, но на принятие решений, по которым он может повлиять. Наказание за дачу взятку предусмотрено статьей 291 Уголовного кодекса Российской Федерации. Максимальная санкция за данное преступление - наказание в виде лишения свободы на срок до 15 лет со штрафом в размере 70-кратной суммы взятки. Уголовная ответственность за взятку должностному лицу наступает с 16-ти лет.

В примечании к статье 291 УК РФ указано, что взяткодатель освобождается от ответственности, если им соблюдено одно из следующих условий: - Добровольно заявлено о даче взятки в полицию; - Оказано активное содействие в раскрытии преступления; - Должностное лицо, получившее взятку, занималось ее вымогательством и само предложило совершить данное деяние. Если у вас вымогают взятку, вам необходимо незамедлительно сообщить о факте вымогательства в один из правоохранительных органов: - в Управление экономической безопасности и противодействия коррупции. - в территориальные органы внутренних дел. - в Главное управление МВД России по Республике Дагестан.

**М.А. Адилгереев,**
**врио начальника ОМВД**
**по Гумбетовскому району**
**РФ подполковник полиции**

DURA LEX, SED LEX (СУРОВ ЗАКОН, НО ЗАКОН)

## Отдел МВД России по Гумбетовскому району предлагает варианты трудоустройства

**Предлагает гражданам один самых престижных вариантов трудоустройства в настоящее время — это служба в полиции, непростая, но очень важная и необходимая работа, требующая профессионализма, выносливости, хорошей физической подготовки и умения логически мыслить.**

На службу принимаются граждане Российской Федерации от 18 до 50 лет: -с образованием не ниже среднего; -не привлекавшийся к административной и уголовной ответственности; -соответствующие квалификационным требованиям, способные по своим личным и деловым качествам, физической подготовке и состоянию здоровья выполнять служебные обязанности сотрудника органов внутренних дел. Преимущество при приеме на службу предоставляется следующим категориям граждан: дети-сироты и дети, оставшиеся без попечения родителей, дети военнослужащих, участвующих (участвовавших) в специальной военной операции на территории ЛНР, ДНР, Запорожской и Херсонской областей в период проведения СВО, дети ветеранов ОВД и дети сотрудников ОВД, погибших при исполнении служебных обязанностей.



Сотрудникам органов внутренних дел предоставляются следующие социальные льготы и гарантии: -денежное довольствие сотрудника ОВД на первоначальном этапе службы составляет от 25 000 рублей до 35 000 рублей, в зависимости от замещаемой должности; -возможность бесплатного обучения в высших учебных заведениях системы МВД России; -оплачиваемый учебный отпуск; -в обязательном порядке предоставляется государственное личное и дополнительное социальное страхование; -бесплатное медицинское обслуживание (поликлиники, госпитали, санатории на территории РФ); -предоставляется оплачиваемый очередной ежегодный отпуск продолжительностью 40 календарных дней, дополнительный отпуск за стаж службы в органах внутренних дел, дополнительный отпуск за ненормированный служебный день и отпуск по личным обстоятельствам. -после 10 лет службы в органах внутренних дел предоставляется право на получение единовременной социальной выплаты для приобретения либо строительства жилого помещения; -после 20 лет службы в органах внутренних дел предоставляется право выхода на пенсию (по некоторым должностям в ОВД предоставляется право выхода на пенсию на льготной основе). По вопросу трудоустройства обращаться по телефону: 8 (8722) 99-69-15 или по адресу: с. Мехельта, ул. Центральная 104. График приема документов: понедельник – суббота с 08:00 до 18:00, перерыв с 12:00 до 14:00

**ОМВД по Гумбетовскому району**

DURA LEX, SED LEX (СУРОВ ЗАКОН, НО ЗАКОН)

# О нарушениях порядка использования воздушного пространства

**Беспилотное мобильное средство - это искусственный мобильный объект многоразового или условно-многоразового использования, не имеющий на борту экипажа (человека-пилота) и способный самостоятельно целенаправленно перемещаться в пространстве для выполнения различных функций в автономном режиме (с помощью собственной управляющей программы) или посредством дистанционного управления (осуществляемого человеком-оператором или диспетчерским центром). В последнее время отмечается значительное увеличение нарушений порядка использования воздушного пространства Российской Федерации, допущенных гражданами - владельцами беспилотных воздушных судов1.**

Беспилотные гражданские воздушные суда с максимальной взлетной массой более 30 кг подлежат государственной регистрации в порядке, установленном Административным регламентом Федерального агентства воздушного транспорта предоставления государственной услуги по государственной регистрации гражданских воздушных судов и ведению государственного реестра гражданских воздушных судов Российской Федерации, утвержденным приказом Минтранса России от 5 декабря 2013 г. № 457.

Для совершения диверсионных актов могут использоваться БВС самолетного и вертолетного типа кустарного производства, причем доля последних значительно превышает количество самолетных. Объясняется это в первую очередь их более низкой стоимостью.

Аппарат самолетного типа (рис. № 2) летает со скоростью до 60 км/ч, может работать автономно и доставлять груз массой до 1 кг на дальности до 120 км (или до 2 кг на дальность до 60 км), сбрасывая его по заданным координатам с точностью от 4,5 до 15 м.

Наибольшую опасность представляют случаи несанкционированного запуска БВС, в том числе в местах проведения публичных (массовых) мероприятий и прилегающей к ним территорий, критически важных объектов.

Самовольное использование лицом воздушного пространства является нарушением действующего законодательства, за которое предусмотрена административная и уголовная ответственность.

В Кодексе Российской Федерации об административных правонарушениях1 это глава 11 «Административные нарушения на транспорте». В частности, ее статьи 11.4 «Нарушение правил использования воздушного пространства» и 11.5 «Нарушение правил безопасности эксплуатации воздушных судов».

Справочно:

Частью 2 статьи 11.4 КоАП за нарушение правил использования воздушного пространства лицами, не наделенными в установленном порядке правом на осуществление деятельности по использованию воздушного пространства, если это действие не содержит уголовно наказуемого деяния, влечет наложение административного штрафа на граждан в размере от трех тысяч до пяти тысяч рублей; на должностных лиц - от тридцати тысяч до пятидесяти тысяч рублей, на юридических лиц - от трехсот до пятисот тысяч рублей, или административное приостановление деятельности на срок до девяноста суток.

Части 1 и 2 статьи 11.5 КоАП определяют наказание за причинение по неосторожности легкого и среднего вреда здоровью из-за нарушения допуска к полетам или правил подготовки и выполнения полетов. Для граждан предусмотрено наказание в виде штрафа от одной тысячи пятисот до двух тысяч рублей или лишение права управления воздушным судном на срок от трех до шести месяцев при причинении легкого вреда здоровью и от двух тысяч до двух тысяч пятисот рублей или лишение права управления воздушным судном на срок до одного года при причинении среднего вреда здоровью.

Часть 5 статьи 11.5 полет на не поставленном на учет БВС наказывается штрафом от двух тысяч до двух тысяч пятисот рублей или лишением права управления воздушным судном на срок до одного года.

В соответствии со статьей 28.1 КоАП должностные лица органов внутренних дел могут собирать соответствующие материалы о действиях (событиях), содержащих признаки административного правонарушения, и направлять их в Ространснадзор для решения вопроса о возбуждении дела об административном правонарушении.

Протокол об административных правонарушениях составляют должностные лица Ространснадзора (статья 23.43 КоАП). Дела об административных правонарушениях рассматривают должностные лица Ространснадзора либо судьи.

В Уголовном кодексе Российской Федерации - это статья 271.1 «Нарушение правил использования воздушного пространства Российской Федерации».

Справочно:

В соответствии со статьей 271.1 УК использование воздушного пространства Российской федерации без разрешения в случаях, когда такое разрешение требуется в соответствии с законодательством Российской Федерации, если это деяние повлекло по неосторожности причинение тяжкого вреда здоровью или смерть человека наказывается лишением свободы на срок до 5 лет с лишением права занимать определенные должности или заниматься определенной деятельностью на срок до 3 лет. Тоже деяние, повлекшее по неосторожности смерть двух или более лиц наказывается лишением свободы на срок до 7 лет с лишением права занимать определенные должности или заниматься определенной деятельностью на срок до 3 лет.

При обнаружении БВС над территорией расположения административных зданий и подведомственной территории, выставляется наблюдатель за БВС, которому необходимо по возможности зафиксировать: По средствам стационарной связи доложить об обнаружении БВС и сообщать в дежурную часть ОМВД России по Гумбетовскому району по телефону 8-999-418-85-10 (круглосуточно).

**М.А. Адилгереев,
врио начальника ОМВД
по Гумбетовскому району
РД подполковник полиции**

# Профессионально-педагогический колледж имени Расула Гамзатова приглашает абитуриентов



Профессионально-педагогический колледж имени Расула Гамзатова производит прием студентов на новый 2024-2025 уч.год.

I.Подготовка специалистов в колледже, за счет средств бюджета Республики Дагестан, производится по направлениям:

На базе основного общего (9кл.) образования.

1. 44.02.02 Преподавание в начальных классах (Учитель начальных классов с дополнительной подготовкой в области русского языка и литературы, родного языка и литературы, математики, английского языка, информатики, психологии, физической культуры, технологии, музыкального воспитания, воспитатель детей дошкольного возраста).
2. 44.02.01 Дошкольное образование (Воспитатель детей дошкольного возраста с дополнительной подготовкой в области музыкального воспитания и изобразительного искусства)
3. 44.02.05 Коррекционная педагогика в начальном образовании (Учитель начальных классов и начальных классов компенсирующего и коррекционно-развивающего образования).
4. 49.02.01 Физическая культура (Тренер, учитель физической культуры)
5. 54.01.20 Графический дизайнер (Графический дизайнер)
6. 09.02.07 Информационные системы и программирование (Программист)

Срок обучения:

на базе основного общего (9 кл.) образования - 3 года 10 месяцев.

При поступлении по специальности 44.02.02 «Преподавание в начальных классах», 44.02.01 «Дошкольное образование» и 44.02.05 «Коррекционная педагогика в начальном образовании» абитуриенты сдают экзамены:

*русский язык (тестирование)

*математика (письменно)

При поступлении по специальности 54.01.20 «Графический дизайнер» и 09.02.07 «Информационные системы и программирование» абитуриенты принимаются в колледж без экзаменов, на конкурсной основе.

Имеется заочное отделение (на платной основе, оплата 30 тыс.рублей в год) по специальностям 44.02.01 Дошкольное образование и 44.02.02 Преподавание в начальных классах,
49.02.01 Физическая культура.
На базе общего и полного среднего образования

Документы принимаются с 25 июня по 15 августа 2024года.

Наш адрес: г.Буйнакск, ул.Дж.Кумухского, 84.

# Пожарная безопасность в период майских праздников

**Отдел надзорной деятельности и профилактической работы № 15 по Ботлихскому, Гумбетовскому, Ахвахскому и Цумадинскому районам УНД и ПР ГУ МЧС России по Республике Дагестан обращает внимание граждан на соблюдение пожарной безопасности в период майских праздников.**

Помните, чтобы выходные дни прошли без происшествий, необходимо позаботиться о выполнении противопожарных мероприятий заранее и не оставлять детей без присмотра.

Во время длительных майских праздников многие отправятся за город, соберутся в поход, устроят отдых на природе. По статистике, именно в выходные и праздничные дни резко возрастает количество пожаров, связанных с выжиганием травы, мусора и непотушенными в лесах кострами. Рекомендуем в период майских праздников соблюдать правила пожарной безопасности!

В пожароопасный период не рекомендуется разводить костры в лесных массивах, использовать открытые источники огня, заезжать на автомобилях с отсутствующими либо неисправными искрогасителями.

Сотрудники Отдела настоятельно рекомендуют соблюдать правила пожарной безопасности при розжиге костров и мангалов: площадку для розжига костра и мангала следует располагать на расстоянии не менее 5 метров от любых строений; площадку необходимо очистить от сухой травы, чтобы исключить попадание искр и углей от горящих дров на неочищенную от сухой растительности территорию.

Не стоит доверять присматривать за костром малолетним детям. По истечении необходимости костер залить водой или засыпать землей.

Не бросайте непотушенные спички и окурки; не оставляете без внимания своих курящих родных и близких, особенно в состоянии алкогольного опьянения.

Помните: огонь — не игрушка, а причина пожаров. Будьте осторожны и ответственны при разведении костров во время отдыха на природе. Соблюдайте правила пожарной безопасности! Берегите свою жизнь и имущество!

Телефоны экстренных спасательных служб: «01» — со стационарного телефона, «101» — с мобильного телефона, «112» — единая служба спасения.

**Старший инспектор ОНД и ПР № 15
по Ботлихскому,
Гумбетовскому,
Ахвахскому и
Цумадинскому районам,
лейтенантом вн. службы
Валиев Б.М.**

БетӀерав редактор:
ХӀамзат МухӀамадович ГӀизудинов
телефон: 26-254
Газета гӀуцӀаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтӀа росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь:
Зугьра ГӀабдулкъадирова
Корреспондентал:
Макка МухӀамадова
Фотомухбир:
Гебек Гебеков

Набор: Марям МухӀамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес:
МахӀачхъала, Петр ТӀоцевесесул къватӀ, 61

Газета къватӀибе бачӀунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакъулъазул нур» абурал цӀаразда гъоркь
Учредитель:
РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1003
Газета къватӀибе биччазе гъулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00,
хӀакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хӀужабазул, цӀаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.